

Date : Novanm 14, 2016

Nimewo Pwogram Nan : 1012

Tit Pwogram Nan : Jak 2:14-26

Ou byenvini nan etid la pou jounen an n ap kontinye ak pakou nou nan liv Jak la pou nou wè Jak 2 :14-26.

Annou priye Bondye.

N ap remèsye W Senyè pou jouen an e pou benediksyon pwogram jodia. Dirije pa nou, louvri zòrèy nou e ban n fòs pou n ka pratike sa nou tande yo. Se nan non Senyè Jezi ki chita kounyea sou bò dwat Ou a nou priye W, amèn.

Yon fwa ankò byenvini nan etid la. Pasaj nou se Jak 2 :14-26.

BONDYE SONDE LAFWA AK BON ZEV

Nan vèsè 14-26 yo apot Jak demontre Bondye sonde lafwa ak bon zèv. Gen moun ki di seksyon sa a an kontradiksyon ak ekri apot Pòl yo paske Pòl te ensiste pou di se lafwa sèlman ki sove. N ap jwenn rezime agiman apot Pòl la prezante byen klè nan Galat 2 :16 ki di : « *Men, nou konnen se pa paske yon moun fè tou sa lalwa jwif yo mande kifè li inonsan devan Bondye, men se lè li mete konfyans li nan Jezikri Bondye va fè l' gras. Se poutèt sa, nou menm tou, nou te mete konfyans nou nan Jezikri. Konsa, se pa paske nou te fè sa lalwa jwif yo mande kifè Bondye fè nou*

gras, men se paske nou te mete konfyans nou nan li. Bondye p'ap fè pesonn gras paske li fè sa lalwa mande.»

M divize seksyon sa a nan epit Jak la an twa pati : 1) Entèpretasyon lafwa, v. 14 ; 2) idantifikasyon lafwa, vv.15-20 ; 3) illistrasyon lafwa, vv. 21-26.

Tou dabò nou gen entèpretasyon lafwa. Lè nou byen konprann fason Pòl ak Jak defini lafwa nan ekri yo, n ap wè ke Pòl ak Jak amonize yo pafètman, yo tou de ap pale sou menm bagay la men sou ang diferan.

Apot Pòl di « fè tou sa lalwa mande » ou zèv lalwa pa ka sove yon moun. Li ekri nan Women 3 :28 : « *Nou kenbe sa nou di a: se paske yon moun gen konfyans nan Bondye kifè Bondye fè l' gras, se pa paske li fè sa lalwa mande.* » E tankou n sot li sa anvansa nan liv Galat la, « *se pa paske yon moun fè tou sa lalwa jwif yo mande kifè li inonsan devan Bondye, men se lè li mete konfyans li nan Jezikri Bondye va fè l' gras.* » Alò kòman kounyea nou ka fè rekonsilye pwen de vi Pòl la ak pa Jak la ? Menmjan yon moun te di l la : “Pòl ak Jak pa kanpe fas a fas ak goumen yonn ak lòt, men yo kanpe do pou do ap goumen ak lenmi opoze.” Nan jou apot Pòl t’ap ekri lèt li a gen moun ki t’ap di fòk ou aplike Lalwa Moyiz la ou ke se atravè Lalwa yon moun sove. Apot Pòl reponn kesyon sa pou di lalwa pa ka sove se sèl lafwa nan Kris ki sove. Konsa pa gen diferans, ni Pòl ni Jak ap defann Sitadèl lafwa a. Pou n ka wè sa nou bezwen analize langaj ou tèminoloji yo sèvi a. Apot Pòl di lafwa ki sove a, lafwa otantik e reyèl la, va transfòme lavi yon moun. Pòl pran egzanp pwòp tèt li pou di nan Filipyen 3 :7 : « *Men, si yon lè mwen te konsidere tout bagay sa yo tankou yon garanti, koulè a yo pa vo anyen pou mwen, akòz Kris la.* » Gen yon revolasyon ki te rive nan lavi l lè l te vin jwenn Kris. Pòl ekri nan I Korent 15 :1-2 : « *Frè m' yo, mwen vle fè nou chonje bon nouvèl mwen te anonse nou an, bon nouvèl nou te*

resevwa a. Se ladan l' tou nou kanpe byen fèm. Se li menm k'ap delivre nou tou, depi nou kenbe l' jan mwen te anonse l' ban nou an. Si se pa konsa, se ta pou gremesi nou ta mete konfyans nou nan Bondye. »

Sa se pou apot Pòl, kounyea annou wè kisa apot Jak li menm li di. N'ap li Jak 2 :14.

Jak 2:14 *Frè m' yo, kisa sa fè pou yon moun k'ap di li gen konfyans nan Bondye, si li pa fè bagay pou moutre li gen konfyans lan vre? Eske konfyans sa a ka delivre li?*

Ou ka wè Jak PA'P pale sou zèv Lafwa. Li sèlman di lafwa ki sove a va obligatwaman pwodwi bon zèv, ki se zèv lafwa. Lafwa Jak ap pale de li a se lafwa pwofesan, ki se yon lafwa aparman ou fotokopi. Pòl pale sou sa tou nan I Korent 15 :2 kote l di : « ... *Si se pa konsa, se ta pou gremesi nou ta mete konfyans nou nan Bondye. »* Li ekri tou nan II Korent 13 :5 : « *Sonde tèt nou nou menm, egzaminen konsyans nou byen pou wè si n'ap viv ak konfyans nan Bondye... »*

Yonn nan pi gwo danje pou nou menm kòm predikatè levanjil sèke nou renmen lè moun vin konvèti, e nou pare pou n' asepte nenpòt ti wi fwonte e vasiyan nan menm kèk moun k'ap di : « Wi, m va kwè nan Kris. » Men sepandan « wi » sa a ka se yon senp ti souke tèt enpètinan, derespektan e ensolan ; se tèlman fasil sèjousi pou moun bay yon repons « fake. »

Yo rakonte istwa Satan ki t'ap fè yon reyinyon ak demon l yo pou jwenn meyè fason yo ta rive fè lòm kwè Bondye pa egziste. Kòm menm yon menm yo déjà konnen e kwè Bondye egziste, yo t'ap mande kòman pou yo rive fè sa. Gen yon denmon ki di annou di yo Jezi pa t janm egziste vre e ke moun entelijan tankou pa ta dwè kwè yon tèl fiksyon, ki se yon istwa imajinè. Gen yon lòt

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

denmon ki sikejere yo konvenk lòm tout bagay fini avèk lanmò yo pa bezwen enkyete yo sou lavi apre lanmò. Finalman denmon ki te pi entelijan pami yo a pran lapawòl pou di annou di tout Bondye egziste, ke Jezi reyèl, ke w va sove si w' kwè nan Li men tou sa w bezwen fè se pwofese ou deklare lafwa nan Li men apres a ou mèt tounen al kontinye menm kalite lavi peche ou t'ap mennen anvan an. Tout lòt denmon yo bat bravo, yo vote pou yo adòpte taktik sa a, e se menm taktik sa a l'ap sèvi jodia toujou.

Pa gen diferans vre, Pòl ak Jak akòde pafètman nan ansèyman yo. Lè Pòl ap pale sou bon zèv, l ap fè referans sou zèv lafwa a. Li di nan Women 3 : 20 : *« Se pa paske yon moun fè sa lalwa a mande kifè li inonsan devan Bondye. Poukisa? Paske lalwa annik fè nou konnen sa nou fè a pa bon. »* Anfèt l ap di, wi se vre lalwa se tankou on miwa, li revele sa ki pa bon nan nou, men l pa ka sove nou, zèv lalwa yo pa ka fè anyen menm pou delivrans nou. Jak li menm tou konfime fòk ou gen yon bagay anplis zèv lalwa a. Li ekri nan Jak 2 :10 la : *« Paske, moun ki obsève tout lalwa a men ki dezobeyi yon sèl nan kòmandman yo, se tankou si l' te dezobeyi tout kòmandman yo. »* Gen yon moun ki entèprete sa pou di : *« Obeyisans pafè pa ka sove lòm, paske l pap janm ka rive la. Obeyisans enpafè pa ka sove l non plis paske Bondye pa ka janm asepte l'. »* Sèl solisyon ki gen pou dilèm sa se redanmsyon ki gen nan Kris la, e tou de ni Pòl ni Jak mete anfaz sou sa.

Pòl esplike byen klè nan Galat 2 :16 Lalwa pa ka sove moun, men pita nan menm lèt Galat la, nan Galat 6 :9, li kontinye pou di: *« Pa janm bouke fè byen... »* Sa vle di gen anpil aksyon, anpil zèv ki mache ak konfyans lan. Nou li nan Galat 6 :6, 7 : *« Moun k'ap resevwa bon nouvèl la fèt pou separe tout byen l' yo ak moun k'ap ba li l' la. Pa twonpe tèt nou. Moun pa ka pase Bondye nan betiz. Sa yon moun simen, se sa li va rekòlte. »* Lè w tandè Jak pale sou zèv nan seksyon sa a nan epit li ekri a, li vle di zèv lafwa

a. Men se pa sèl Jak, Pòl te pale sou zèv lafwa a tou, li ekri nan Galat 5 :6 : « *Paske, lè n'ap viv ansanm ak Kris la, kit nou sikonsi, kit nou pa sikonsi, sa pa fè anyen. Sa ki konsekan an se pou nou gen konfyans nan Bondye, yon konfyans k'ap fè nou viv ak renmen nan kè nou.* » Tou de otè yo anseye menm bagay : lafwa dwe se yon lafwa aktif, yon lafwa k'ap travay. Tankou Jean Calvin te di sa : « Se lafwa sèl ki sove, men lafwa ki sove a pa sèl. »

Pakonsekan, lafwa ki sove a, se yon lafwa vivan ; lafwa pwofesan, lafwa nan bouch la, se yon lafwa mouri. Se pa kretyen nan bouch ki manke nan legliz nou yo sèjousi. Men pou di vre yo pa plis pase yon bann ti zonbi. Y ap mache fè tankou si yo vivan men anfèt yo mouri.

Gen yon tifi yon lè ki te mande monitris lekòl dominikal li : « Kòman pou m fè pou pandan ke m kretyen m ka kontiye fè sa m vle ? » Monitris site Women 8 :5 ki di : « *Moun k'ap viv dapre sa lèzòm jwenn nan kò yo, se yon sèl bagay ki nan tèt yo: se egzijans kò a. Men, moun k'ap viv dapre Lespri Bondye a, se yon sèl bagay ki nan tèt yo: se egzijans Lespri a.* » Si ou se yon pitit Bondye, ou pa ka fè sa w vle. Toutjan se sa Bondye vle a w va fè. «Poukisa? Paske, lè egzijans kò a fin pran tèt yon moun, li pa vle wè Bondye ankò, li p'ap soumèt devan lalwa Bondye a, li p'ap ka soumèt menm. Moun ki soumèt devan egzijans kò yo pa kapab fè Bondye plezi. Pou nou menm, nou p'ap viv dapre egzijans kò nou ankò, men dapre egzijans Lespri Bondye a, paske Lespri Bondye a nan nou. Si yon moun pa gen Lespri Kris la nan li, li pa pou Kris la.» Women 8 :7-9. Pòl ap di kounyea Lespri Bondye a ap viv nan ou, sètènman w'ap ka pwodwi Lespri a nan lavi w ; Si pou Lespri Bondye ta va ap viv nan ou epi w ta gade ou pa wè okenn fwi enben monchè gen yon pwoblèm yon kote, e l pa lòt kote ke nan ou. Yon kretyen pa fè sa l' vle; li fè sa ki fè Senyè Jezi plezi.

Padan peryòd Grann Depresyon an Ozetazini, te gen yon gran òm dafè nan vil Pittsburgh ki t ap travèse tout kalite pwoblèm nan vi l'. L'al pale ak pastè l' e apre l' fin eskplike l pwoblèm li yo li di l : « M renmen Sovè m nan. M renmen fanmiy mwen. M renmen legliz mwen. M renmen biznis mwen. Men gen kèk lè m santi m ta pati kite tou le kat. » Pastè gade l nan je e mande l' : « Poukisa w pa kite yo ? » Msye reponn : « Rezon kifè m pa fè sa se paske m' se yon kretyen. » Zanmi, lafwa ki sove a, lafwa ki fè w vin kretyen an ap toujou mennen nan aksyon. Men malerezman nou tèlman anvi gen anpil manm nan legliz yo n asepte nenpòt ti « wi » nan bouch, nenpòt ti « wi » san konviksyon, ti « wi » konsa konsa nan menm moun. Kòm rezilta, gen anpil legliz ki chaje kretyen sipèfisyèl, moun ki pa vrèman sove.

Lè nou byen konprann jan Pòl ak Jak itilize mo lafwa ak bon zèv yo, n'ap wè ke sa yo ansèye yo akòde pafètman.

Kounyea Jak pral pale sou idantifikasyon lafwa a. Gen sèten anprent dijital espiyèl ki ka ede idantifye e rekonèt lafwa ki sove a. Gen fason nou ka verifeye lafwa otantik la. Kifè Jak ap bannou isit la yon egzanp pratik.

Jak 2:15, 16 *Sipoze gen yon frè osinon yon sè ki toutouni, ki pa manje kont li chak jou, si yonn nan nou di yo: Ou mèt ale. Chofe kò ou, manje plen vant ou, san li pa ba yo sa yo bezwen, kisa sa ap fè pou yo?*

Sèvi kliche ou fraz pye ak langaj kretyen pa yon evidans ke w' gen lafwa ki sove a. Dwe gen yon prèv tanjib ki mache ak pawòl ou yo. Ou ka trè relijye e di yon pwochen : « Pa dekouraje zanmi, m ap lapriyè pou ou m konnen Bondye va ba w sa w bezwen an. » Men, zanmi Bondye mete w la kòm pitit Bondye pou w ka fè egzakteman sa : pwovni. Pafwa m konn fatigue ak kèk kretyen rich k ap bat do m pou di : « Dr. McGee w ap fè yon bon travay. W ap

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

fè sa ki kòrèk la nan fason w ap pwopaje Pawòl Bondye a. » Y ap di m bèl pawòl sa yo men yo pa patisipe pou sipòte ministè a finasyèman tandiske yo gen mwayen. M reyèlman doute ke moun sa yo sensè nan sa y ap di a. Sevre ou ka sèvi yon langaj relijye pou w di yon pwochen : « O zanmi, m avè w. » Men w eske w avè l vre ? Zanmi lafwa vivan toujou pwodwi fwi tanjib, fwi ke w ka wè e touche, fwi ki ka penmèt ou idantifye l'.

Senyè Jezi te di nan Jan 13 :35 : « *Si nou yonn renmen lòt, lè sa a tout moun va konnen se disip mwen nou ye.* » Answit apot Pòl deklare nan Women 13 :8 : « *Pa fè dèt lakay pesonn. Sèl dèt nou dwe genyen, se pou nou yonn renmen lòt. Moun ki renmen frè parèy li, li fè tou sa lafwa mande.* » Lide a sèke ou pa ka di ou se pitit Bondye pou w ap viv tankou yon òlalwa. Alò sa pa vle di ou dwe jwenn lajan pou bay nenpòt ki lè yon tafyatè ta kontwe w nan lari a mande w kichòy pou l al bwè tafya. E ni m' pa kwè ou dwe kwè tout moun ki di w yo se kretyen. Nou bezwen teste yo pou kounnen si yo solid nan lafwa ou pa. M santi kè m rekonfòte a chak fwa m ap panse a zanmi sa a ke m konnen k ap sipòte finasyèman yon lòt ki nan nesesite e a dam sa a ki gen bon mwayen k ap sipòte yon misyonè k ap viv aletranje san yo pa fè bri ak sa. Zanmi penmèt mwen di w fason w ap viv la bay prèv si lafwa ou di ou genyen an otantik ou non.

Jak 2:17, 18 *Konsa tou pou konfyans nan Bondye a: si l' pa fè nou fè sa ki byen, si l' rete pou kont li, li mouri.*
Men, gen moun ki va di: Ou menm, ou gen konfyans. Mwen menm, mwen fè sa ki byen. M'a reponn li: Moutre m' ki jan ou ka gen konfyans san ou pa fè sa ki byen, mwen menm m'ap moutre ou jan mwen gen konfyans ak sa m'ap fè ki byen.

Apot Jak di : « *Konsa tou pou konfyans nan Bondye a: si l' pa fè nou fè sa ki byen, si l' rete pou kont li, li mouri.* » Konfyans lan mouri ? Poukisa ? Paske lafwa ki vivan an, lafwa ki sove, toujou

pote fwi. Se konklizyon sa nou dwe tire nan ilistrasyon Jak la. Jak ap pale sou fwi lafwa a. Tandiske Pòl li menm ap pale sou rasin lafwa a. Se diferans sa ki gen nan de ang yo te konsidere yo men alafen ni Pòl ni Jak di se lafwa sèl ki sove. Pòl di si w gen lafwa tout bon, lafwa sa a va bay fwi e l site yo pou nou nan Galat 5 :22, li di : « *Men, Lespri Bondye a bay renmen, kè kontan, kè poze, pasyans, bon kè, seriozite, li fè ou gen bon manyè.* ». Senyè Jezi te deklare nan Jan 15 :5 : « *Mwen se pye rezen an, nou se branch yo. Moun ki fè yonn avè m', moun mwen fè yonn ak li, l'ap donner anpil, paske nou pa kapab fè anyen san mwen.* »

Gen yon pastè yon lè ki t ap pale ak yon mesye ki di li se kretyen, li mande l : « Eske w' fè w manm yon legliz ? » Msye reponn : « Non m poko fè sa. Vòlò ki t ap mouri sou bò dwat Kris la sou kwa a pa t janm manm yon legliz poutan yo te sove. » Pastè a mande l' : « Eske w batize. » Li reponn : « Non. Vòlò ki t ap mouri sou bò dwat Kris la sou kwa pa t' batize poutan l' t al nan syèl. » Pastè kontinye mande l' : « Eske w janm kontribye nan travay legliz nan travay misyonè ? » Msye bay menm ti repons la : « Vòlò ki t ap mouri sou bò dwat Kris la sou kwa a pa t gen bay okenn ofrann ni yo pa t jije l pou sa. » Alò pastè a te blije reponn msye : « Enben zanmi, sanble ke diferans ki gen ant ou menm ak vòlò a sèke li menm se yon vòlò ki t apral mouri ou menm se yon vòlò vivan. »

Zanmi byen souvan nou chante : « Mwen vle mil lang pou chante louwanj Redanmtè mwen » tandiske nou pa menm sèvi lang nou genyen an. Nou chante : « Menm si m ta ba l tout linivè, sa pa ta va ase kòm kado. » Men nou pa janm ofri l' anyen ditou nan san ou genyen. Enben Jak ap di se lafwa ki sove men lafwa ki sove a dwe pote fwi.

Jak 2:19 *Ou kwè gen yon sèl Bondye. Ou fè byen. Denmon yo tou yo kwè sa, men y'ap tranble sitèlman yo pè.*

Konfesyon nan bouch pa yon evidans lafwa, menm denmon yo kwè sa.

Jak 2:20 *Gade jan ou manke konprann! Eske ou vle wè ki jan konfyans pa vo anyen si l' pa mache ak sa ou fè ki byen?*

Lafwa san lèzèv, lafwa san fwi se yon lafwa initil kanta pou lemonn.

Kounyea Jak ap pase nan ilistrasyon lafwa, anfèt li va ban nou de ilistrasyon.

Jak 2:21-24 *Abraram granpapa nou, èske Bondye pa t' fè l' gras poutèt sa li te fè lè l' te ofri Izarak, pitit li a, sou lotèl la? Ou wè. Konfyans li te mache ansanm ak sa li te fè. Konsa tou, sa l' te fè a te fè konfyans li vin bon nèt.*

Se konsa, pawòl ki te ekri nan Liv la rive vre: Abraram te mete konfyans li nan Bondye, epi Bondye fè l' gras. Se sak fè yo te rele Abraram zanmi Bondye.

Ou wè: se pa sèlman paske yon moun gen konfyans kifè Bondye fè l' gras, men se paske li fè sa ki byen anmenmtan an tou.

Apot Pòl di, nan Women 4 :3, se pa lafwa Abraram te jistifye e liv Jenèz konfime sa tou nan Jenèz 15 :6 ; 22 :1-14. Eske Abraram te jistifye lè l' te ofri Izarak pitit li a ? Alò vrè kesyon an se eske Abraram rive touye Izarak kòm ofrann ? Repons lan se non. Bondye pa t' penmèt li fè sa. Alò se kisa ki te travay lafwa Abraram nan ? Kòman zèv te fè sove l' ? Lafwa li te genyen an te pouse l' leve frenn nan anlè pou te fè yon bagay ke l' pa t' kwè Bondye t ap janm mande l' fè. Men kòm Bondye te mande l' fè sa, li te pare pou obeyi L san kondisyon. Li te kwè Bondye ta va leve

Izarak soti vivan nan lanmò. Abraram pa t' rive sakrifye Izarak paske Bondye te ofri yon ranplasan, men si Bondye pa t rete l nan wout se sèten Abraram ta sakrifye Izarak.

Sa se yon ilustrasyon de chwa ki pwouve ke w demontre lafwa avèk aksyon w ap poze. Aksyon Abraram lan sèke l te kwè nan Bondye.

Jak kounyea ap bay yon dezyèm ilustrasyon.

Jak 2:25 *Se menm jan an tou pou Rarab, fanm movèz vi a. Eske se pa t' poutèt sa l' te fè a Bondye te fè l' gras, lè l' te resevwa mesaj jwif yo, lè l' te fè yo pran yon lòt wout pou tounen lakay yo?*

Kòman Rarab te fè jistifye pa lèzèv ? Li te resevwa espyon izrayelit yo lakay li, li te sere yo lè pwòp konsitwayen li yo t'ap chache yo, answit li montre yo kòman pou yo chape poul yo san yo pa bare yo, selon Jozye chapit 2. Dam sa a ki t ap viv isit la lavil Jeriko te mete lavi l an danje lè l te vire do bay ansyen lavi li t ap mennen an e bay pwòp konsitwayen li yo. Li pa t di espyon yo ke l' ta jis kanpe sou rebò wout la lè y ap antre pran vil la pou chante : « Glwa a Dye sous tout benediksyon yo !. » Li pa t sèlman di : « Jezi sove, kenbe e satisfè. » Li pa t tonbe rele : « Alelouya, Glwa a Dye. » Okontrè li te di yo : « M pral fè yon bagay. M pral kache nou paske m kwè Bondye va bay pèp Li a peyi a, e m kwè nan Bondye. » Rarab te kwè nan Bondye e paske l te kwè li te pase al' aksyon. Se pa lafwa li te jistifye devan Bondye. Ebre 11 :31 di : « *Se paske Rarab, fanm movèz vi a, te gen konfyans nan Bondye kifè li pa t' mouri ansanm avèk moun ki te dezobeyi Bondye yo. Paske, li menm li te byen resevwa espyon pèp Izrayèl yo lakay li.* » Men devan pwòp konsitwayen l yo e devan pèp Izrayèl se èv li yo ki te jistifye l'.

Dr. McGee di sa gen kèk lanne m t ale nan yon pepinyè e m te achete yon rasin tou senp ki te gen yon etikèt sou li ki make : « Prin Santa Rosa. » Li pa t pi gwo pase yon bwa bale e l te sanble osi mouri ke yon bwa bale. Yo te eskplike m fason pou m plante l', e se egzateman sa m te fè. M t ap obsève l' e nan prentan ki vini apre a li te kòmanse fleri. Twazan pita te kòmanse gen ti boujon k ap parèt e answit li te kòmanse bay fwi. Eske w konn ki kalite fwi li te bay ? Prin. Se prin rasin m te plante a te ye se tou nòmal li pwodwi prin kòm fwi.

Lafwa se rasin nan e rasin nan pwodwi kalite fwi ke rasin lan li menm ye. Si w gen yon lafwa vivan, toutjan va gen fwi ki pwodwi nan lavi w. Apot Pòl deklare nan 2 Korent 13 :5 : « *Sonde tèt nou nou menm, egzaminen konsyans nou byen pou wè si n'ap viv ak konfyans nan Bondye...* »

Epi apot Jak kontinye pou di :

Jak 2:26 *Menm jan yon kò ki san nanm se yon kò ki mouri, konsa tou, konfyans nan Bondye ki pa mache ak fè sa ki byen se yon konfyans ki mouri.*

Lafwa san lèzèv se tankou yon kadav nan mòg. Jak di sa, Pòl di sa, e m kwè nan tou de paske se Pawòl Bondye y ap pale.

Nou rive kounyea nan fen etid nou pou jounen se moman pou n remèsye w pou fidelite w e kite w ak benediksyon Bondye Granmèt la !